

# Konsèy sou Kilti Adomisil pou Granmoun Itilize

*Konsèy sa yo se pa konsèy jiridik. Tanpri konsilte yon avoka si w gen nenpòt kesyon konsènan lwa sou marigwana pou granmoun itilize.*

## Èske mwen ka kiltive pwòp marigwana mwen lakay mwen?

- Wi. Lalwa pèmèt yon moun ki gen plis pase 21 ane kiltive jiska sis plant lakay yo.

## Restriksyon Enpòtan

- Yon kiltivatè lakay dwe gen omwen 21 ane;
- Yon kiltivatè lakay ka sèlman grandi jiska sis plant lakay li;
- Si gen plis pase yon moun ki gen plis pase 21 ane k ap viv nan rezidans lan ki vle kiltive nan kay la, kantite maksimòm plant ki ka kiltive nan yon rezidans se 12 plant;
- Plant yo dwe kiltive nan yon zòn ki ekipe ak yon seri oswa aparèy sekirite;
- Plant yo pa ka vizib nan yon plas piblik san yo pa itilize longvi, avyon oswa lòt èd optik;
- Yon moun pa kapab fabrike lakay li marigwana oswa chanv pa mwayen yon likid oswa gaz, ki pa alkòl, ki gen yon pwen flach anba 100 degre Fahrenheit; epi
- Yon vyolasyon lwa konsènan kilti nan kay gen yon amann ki rive jiska \$300 ak konfiskasyon marigwana a.

<i>Sanksyon pou Kilti san otorizasyon Dapre Lwa Eta a</i>	
<b>Deskripsyon Vyolasyon</b>	<b>Sanksyon</b>
Kilti adomisil ki vizib apati de yon plas piblik san yo pa itilize longvi, avyon oswa lòt èd optik.	Sanksyon sivil pa plis pase \$300 + Konfiskasyon marigwana



<i>Sanksyon pou Kilti san otorizasyon Dapre Lwa Eta a</i>	
<b>Deskripsyon Vyolasyon</b>	<b>Sanksyon</b>
Yon adomisil ki vizib apati de yon plas piblik san yo pa itilize longvi, avyon oswa lòt èd optik.	Sanksyon sivil pa plis pase \$300 + Konfiskasyon marigwana
Yo jwenn yon moun ki gen 21 ane oswa plis k ap kiltive plis pase 6 plant marigwana, men li pa depase 12 plant.	Sanksyon sivil pa plis pase \$100 + Konfiskasyon kantite marigwana ki pa otorize
Yon moun ki gen 18-20 ane (sòf si se yon pasyan gen yon kat anrejistreman pou itilize marigwana medikal) yo jwenn ki kiltive 12 plant marigwana oswa mwens.	Sanksyon sivil pa plis pase \$100 + Konplete yon pwogram konsyantizasyon sou dwòg
Yon moun ki gen 18-20 ane (sòf si se yon pasyan gen yon kat anrejistreman pou itilize marigwana medikal) yo jwenn ki kiltive 12 plant marigwana oswa mwens.	Sanksyon sivil pa plis pase \$100 + Konplete yon pwogram konsyantizasyon sou dwòg
Yon moun ki poko gen 18 an te jwenn kiltive 12 plant marigwana oswa mwens.	Sanksyon sivil pa plis pase \$100 + Konplete yon pwogram konsyantizasyon sou dwòg + Notifikasyon paran oswa gadyen legal
Yon moun ki poko gen 17 ane yo jwenn ki kiltive 12 plant marigwana oswa mwens.	Sanksyon sivil pa plis pase \$100 + Konplete yon pwogram konsyantizasyon sou dwòg + Notifikasyon paran oswa gadyen legal  <b>Si pwogram konsyantizasyon sou dwòg la pa konplete nan 1 ane apre enfraksyon an sa ka lakoz pousuit pou delenkans</b>

### Kesyon?

Si w gen lòt kesyon konsènan kalite Etablisman Marigwana yo, tanpri kontakte Komisyon an nan (774) 415-0200 oswa [Commission@CCCMass.Com](mailto:Commission@CCCMass.Com).

